

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Métode asalna tina basa Latin nyaéta *methodos* anu hartina cara-cara, stratégi pikeun maham kana réalitas, léngkah-léngkah sistematis dina ngungkulan runtuyan sabab-akibat. Métode miboga fungsi pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan (Ratna, 2015 kc 34).


Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analitik. Métodé déskriptif-analitik nyaéta métode nu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2012, kc. 53).

Métode déskriptif analitik dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsiun sarta nganalisis struktur carita jeung ajén atikan karakter nu aya dina novél, kalawan maké ulikan strukturalisme. Satuluyna hasil tina ieu analisis dijadikeun bahan pangajaran maca novél di SMA.

Pikeun leuwih babari dina ngalaksanakeun panalungtikan, diperlukeun desain panalungtikan anu puguh jeung ngéntép seureuh. Désain panalungtikan nyaéta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan. Desain panalungtikan miboga tujuan pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun panalungtikan, ti mimiti nangtukeun masalah, ngarumuskeun tur ngawatesanan masalah, talaah pustaka kana objék panalungtikan jeung sumber pustaka séjenna anu ngarojong kana panalungtikan, ngumpulkeun data kalawan ngagunakeun kartu data salaku instrumén panalungtikan, ngolah data hasil panalungtikan ku cara analisis data dumasar kana pamarekan nu digunakeun, sarta nu pamungkas nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

Dumasar kana pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyoko kana galur saperti bagan 3.1.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Téhnik Panalungtikan

Pikeun medar jeung ngadadarkeun data struktur carita, ajén atikan karakter dina novél *Putri Subanglarang*, dibutuhkeun téhnik panalungtikan nu ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiyono (2011, kc. 224-225) nétélakeun yén ngumpulkeun data bisa dilakukeun ku rupa-rupa setting, sumber, jeung cara. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik talaah pustaka. Ieu téhnik mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan anu aya patalina jeung panalungtikan. Objék dina ieu panalungtikan nya éta buku novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar. Data nu kakumpul mangrupa data nu saluyu jeung tujuan nu hayang dihontal.

Léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Ngumpulkeun referensi nu aya patalina jeung strukturalisme, ajén atikan karakter, jeung bahan pangajaran;
- 2) maca kritis novél *Putri Subanglarang*;
- 3) nyirian bagian-bagian anu nuduhkeun struktur carita, ajén atikan karakter jeung;
- 4) nangtukeun kritéria bahan ajar.

3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data dikumpulkeun, léngkah séjénna nu perlu dilakukeun nyaéta kagiatan téhnik analisis nu digunakeun pikeun ngolah data. Anu dianalisisna tina segi struktural, ajén atikan jeung bahan pangajaran ku cara nyusun papasingan, nganalisis, jeung napsirkeun data kalawan gemet. Perlu léngkah-léngkah dina ngalaksanakeunana, nyaéta:

- 1) Niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) nyieun papasingan data;
- 3) nganalisis data struktural jeung ajén atikan karakter nu aya dina novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar;
- 4) nganalisis novél dumasar kana kritéria bahan pangajaran;
- 5) nyusun bahan pangajaran maca novél di SMA;
- 6) nyindekkeun hasil analisis data.

3.3 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan leuwih babari diolah (Arikunto, 2010, kc. 150). Ari instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeum ngébréhkeun data dina wangu cutatan-cutatan carita anu aya dina novél *Putri Subanglarang* nu nyoko kana indikator-indikator nu baris dianalisisna nyaéta ngeunaan struktur carita, ajén atikan karakter jeung kritéria milih bahan ajar. Di handap ieu mangrupa gambaran kartu data anu digunakeun.

1) Kartu Data Struktural

Tabél 3.1
Kartu Data Téma

No	Téma	Cutatan Carita	Kode data

Tabél 3.2
Kartu Data Latar

No	Latar (waktu/ tempat/sosial)	Cutatan Carita	Kode data

Tabél 3.3
Kartu Data Karakter

No	Ngaran Tokoh	Watek	Cutatan Carita	Kode data

Tabél 3.4
Kartu Data Gaya

No	Gaya Basa	Cutatan Carita	Kode data

Keterangan:

- Conto kode data : PSB/P1/KC12
- PSB : Judul novél (*Putri SubangLarang*)
- P1 : Paragrap ka-/Dialog ka-
- KC : Kaca

2) Kartu Data Ajén Atikan Karakter

Tabél 3.5
Kartu Data Ajén Atikan Karakter

No	Sikep	Kode data	Cutatan carita	Ajén Atikan Karakter Nurutkeun Kemendikbud																
				1	2	3	4	5	6	7	8	9	1 0	1 1	1 2	1 3	1 4	1 5	1 6	1 7

Keterangan:

- 1 = Religius
- 2 = Jujur
- 3 = Toleransi
- 4 = Disiplin
- 5 = Kerja Keras
- 6 = Kreatif
- 7 = Mandiri
- 8 = Demokratis
- 9 = Rasa Ingin Tahu
- 10 = Semangat Kebangsaan
- 11 = Cinta Tanah Air
- 12 = Menghargai Prestasi
- 13 = Bersahabat/Komunikatif
- 14 = Cinta Damai
- 15 = Gemar Membaca
- 16 = Peduli Lingkungan
- 17 = Peduli Sosial
- 18 = Tanggung Jawab

Keterangan:

Conto kode data : PSB/P1/KC12
 PSB: novél (*Putri SubangLarang*)
 P1 : Paragrap ka-/Dialog ka-
 KC : Kaca

3) Kartu Data Kriteria Bahan Ajar

Ngalarapkeun hasil analisis anu dipatalikeun jeung bahan ajar. Daftar céklisna saperti ieu:

Tabel 3.6
Daftar Céklis Analisis Bahan Ajar

No	Kriteria Milih Bahan Ajar	Novél Putri Subanglarang		Keterangan
		Luyu	Teu luyu	
1	Eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan anu hayang dihontal			
2	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusia			
3	Dianggap mibanda ajén minangka warisan entragan saméméhna			
4	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan			
5	Luyu jeung kabutuh katut minat murid.			

3.4 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

3.4.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan téh nyaéta struktur carita, ajén atikan karakter jeung bahan ajar nu nyampak dina novél *Putri Subanglarang*. Ari ajén atikan karakter nu dipaluruh téh patali jeung sipat-sipat tokoh nu kagambar dina éta novél.

3.4.2 Sumber Data Panalungtikan


Data dina ieu panalungtikan nyaéta sageblengna eusi carita nu aya dina novél *Putri Subanglarang*, utamana nu némbongkeun struktur carita sarta nu ngagambarkeun ajén atikan karakter. Data séjén nu digunakeun pikeun ngeuyeuban ieu panalungtikan nya éta buku sumber jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu patali jeung struktural sarta ajén atikan karakter.

Nurutkeun Arikunto (2010, kc.172) sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék nu bisa dipaké pikeun nyangking data. Anapon sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar.

Ieu novél téh dicitak munggaran ku CV Geger Sunten dina taun 1991. Satuluyna anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan mah nyaéta citakan kadua, anu diterbitkeun ku Pusat Studi Sunda dina taun 2009.

3.4.2.1 Idéntitas Novél *Putri Subanglarang*

Novél *Putri Subanglarang* karya Yoséph Iskandar di citak taun 1991, hasil gawé bareng Yayasan Peman gunan Jawa Barat CV Geger Sunten. Citakan keduana di terbitkeun ku Pusat Studi Sunda, taun 2009. Ieu novel téh ngawengku 12 Bab nu kandelna 105 kaca.



3.4.2.2 Ringkesan Novél *Putri Subanglarang*

Novél *Putri Subanglarang* nyaritakeun kahirupan hiji lalaki nu ngaranna Pamanahrasa atawa sok disebut ogé Anom. Pamanahrasa geus dua taun hayang boga budak (turunan) ti pamajikanna, Nyai Putri Ambetkasih. Geus diubaran ka mana-mana ti mimiti ka dukun, ka paraji, can aya hasilna. Dina hiji poé Pamanahrasa nyarita ka pamanna, Paman Lengsér, yén manéhna hayang ngalalana deui.

Sanggeus manéhna diidinan ku mitoha jeung pamajikanna, isukna langsung miang ti imahna, indit jeung pamanna bari numpak kuda bari taya tujuan nu puguh rék disorang. Sanggeus lila lalampahan, nepi ogé di hiji pondok, ngarana Pondok Quro. Ningali kaayaan lingkungan pondok, manéhna hayang nyiar élmu di dinya. Tuluy manéhna panggih jeung hiji awéwé, pimpinan santri di Pondok Quro. Awéwé anu pinter, kembang desa tur luhung ku élmu nyaéta Nyai Putri Subanglarang. Mimiti ningali, Pamanahrasa geus kairut ku tingkah paripola éta awéwé nu sopan tur andalemi.

Nyai Subanglarang nyaritakeun kumaha bag-bagan élmu Islam. Manéhna ngaéntrékeun kalawan dipikaharti ku Pamanahrasa. Pamanahrasa beuki resep ka éta wanoja, nepi ka aya niat ngagem agama Islam, lantaran kataji ku Nyai

Subanglarang. Kitu ogé Nyai Subanglarang, aya rasa kapanasaran ka ieu tamu guruna. Lantaran umur Nyai Subanglarang geus 18 taun, jeung indung bapana hayang geura-geura boga incu, teu lila Nyai Subanglarang ngayakeun sayembara pikeun néangan pisalakieun. Sing saha baé jalma anu pangunggulna, éta bakal jadi pisalakieun Nyai Subanglarang. Jalma-jalma tangtu harayang ngiluan éta sayembara, kabéh jalma paboro-boro ngiluan éta sayembara, teu kaliwat sodagar-sodagar ti mana-mana. Kabéh pada némbongkeun pangabisana sewang-séwangan. Sapoé, dua poé, nepi ka katilu poéna, éta sayembara acan waé aya hasilna.

Hiji poé aya lalaki dekil, jiga nu gélo, pokona mah pikageuleuheun rék ngiluan éta sayembara. Éta lalaki kacida jagona, bisa ngéléhkeun kabéh jalma nu ngiluan sayembara, utamana ngéléhkeun hiji sodagar anu dijadikeun kokojo jalma-jalma di ditu, nyaéta Prabu Amuk Murugul.

Lalaki nu jadi jawara sayembara téh nya éta lalaki nu dekil tur jiga jalma gélo. Nyai Subanglarang ceurik teu percaya, naha enya nu arék jadi pisalakieun téh jalma nu dekil tur jiga nu gélo. Sanggeus éta lalaki ngabersihan getihna, manéhna langsung nyanghareupan Nyai Subanglarang jeung bapana, Ki Gedeng Tapa.

Teu disangka jalma nu tadi disebut dekil tur jiga nu gélo téh nyaéta Pamanahrasa, jalma nu baheula pernah panggih di pasantré, nu aslina kacida kasépna. Atuh Nyai Subanglarang kacida bungahna, jeung teu disangka nu rék jadi pisalakieun téh jalma anu kasép kacida, lain nu dekil tur jiga nu gélo. Tuluy kakara kanyahoan yén Pamanahrasa téh geuning paman bapana Nyai Subanglarang. Jadi manéhna téh masih patali ku sipat dulur. Putusan manéhna can buleud pikeun ngajadikeun Nyai Subanglarang pamajikanna, lantaran can aya persetujuan ti pamajikanna sorangan jeung can panceg pikeun nyangking ageman Islam nu di percaya ku Nyai Subanglarang.

3.4.2.3 Biografi Singget Pangarang

Yoséph Iskandar lahir di Purwakarta kaping 11 Januari 1953, pupus di Ujung Berung, Bandung 26 Maret 2008, nalika umur 55 taun. Yoséph Iskandar pangarang novél, cerpen, roman jeung drama ku basa Sunda. Lulus SMA Yoséph Iskandar asup ka ATPU (*Akademi Teknik Pekerjaan Umum*) di Bandung. Yoséph

Iskandar leuwih kairut kana kagiatan-kagiatan kesenian mahasiswa ti batan kuliah. Yoséph kungsi jadi pupuhu “Teater Khas” (1977-1981), tuluy Yoséph ninggalkeun dunia téknik.

Babarengan jeung sastrawan saentraganna Eddy D, Iskandar, Godi Suwarna, Juniarso Ridwan, jeung Beni Setia. Yoséph ngadegkeun organisasi sastrawan Sunda nu ngarana “Durma Kangka”. Karya-karya Yoséph Iskandar nu geus di bukukeun nyaéta:

- 1) *Perang Bubat* (1988);
- 2) *Wastu Kancana* (1989);
- 3) *Prabu Wangisutah* (1991);
- 4) *Tanjeur na Juritan, Jaya di Buana* (1991);
- 5) *Pamanahrasa* (1991);
- 6) *Putri Subanglarang* (1991);
- 7) *Prabu Anom Jayadéwata* (1996);
- 8) *Tri Tangtu di Bumi* (1996).

Salian ti éta Yoséph mimiti nulis sajak jeung carpon Sunda. Taun 1979-1985 jadi salah saurang rédaktur *Manglé*. Waktu harita minatna kana sajarah Sunda téh mimiti kahudangkeun. Yoséph mimiti diajar maca jeung neleuman naskah-naskah Wangsakerta ka suwargina Saléh Danasasmita. Hasilna, réa artikel nu ditulis ku Yoséphna dimuat dina *Manglé*. Novélna *Tanjeur na Juritan, Jaya di Buana* dilélérl Hadiah Sastra Rancagé (1992), sedengkeun novél lianna nu ditulis dina taun éta kénéh asup kana nominasi. Taun 1991 Yoséph meunang hadiah sastra LBBS deui. Novél sajarahna *Tri Tangtu di Bumi* (1996) meunang hadiah Sastra Rancagé 1997.

